

NYASHA, RUDO UYE KUYANANA




Chidzidzo 13 cha Gunyana 26, 2026



**"Nyasha dzaShe
Jesu Kristu,
norudo
rwaMhari,
nokuyanana
kwoMhaya
Mutšene, ngazive
nemi mose"
(2 VaKorinte 13:14)**

Mutoo unozivikanwa zvikurusa mukupedzwa kwetsamba dzaPauro, wakashandiswa nemisiyano miduku mu13 dzetsamba dzake 14, ndeuyu: “Nyasha dzaShe Jesu ngadziue nemi” (VaRoma 16:24; 1 VaKo. 16:23; VaGa. 6:18; VaEfe. 6:24; VaFi. 4:23; VaKorose 4:18; 1 VaTe. 5:28; 2 VaTe. 3:18; 1 Tim. 6:21; 2 Tim. 4:22; Tit . 3:15 ; Firimoni 1:25; VaHeb. 13:25).

Zvisinei, mutsamba yechipiri kuvaKorinte, anotaura nezvechimwe chinhu chakakosha chinosiyana nemamwe. Mashoko ake ekuonekana anosanganisira nyasha, rudo, uye kuwirirana kwevanhu vose veUtatu Hutsvene: Mwanakomana, Baba, naMweya Mutsvene(2 VaKo. 13:14).



“Nyasha dzaShe Jesu Kristu”



“Rudo rwaMwari”



“Kuyanana kwoMjeya Mutşene”



“ngaziue nemi mose”

“NYASHA DZASHE JESU KRISTU”

“Nokuti munoziva nyasha dzaShe wedu, Jesu Kristu, kuti kunyange akanga akafuma, wakava murombo nokuda kwenyu, kuti imi novurombo bgake muve vafumi.” (2 VaKorinte 8:9)

Pauro anotanga nekugumisa tsamba yake yechipiri kuvaKorinte nekutaura nezvenyasha dzaJesu(2 VaKo. 1:2; 13:14). Nyasha idzi dzinosanganisirei?



Akasiya pfuma yekusingaperi yekudenga akava murombo kuitira kuti isu tigone kugara nhaka yepfuma yake (2 VaKo. 8:9)



Akafamba-famba munyika yedu kuitira kuti timuzive, timude, uye timutevedzere (Johani 15:12)



Akazvininipisa akateerera kusvika parufu, kuitira kuregerera zvivi zvedu nekutipa hupenyu husingaperi.(VaFi. 2:8)

Chii chinoitika kune avo vedu vanogamuchira nyasha dzake?

Tinoruramiswa (VaRoma 3:24; VaEfe. 1:7)



Tinofara netariro(VaRoma 5:2)




Tinogamuchira simba kubva kuna Kristu(2 VaKo. 12:9)



Ziui hazingau nesimba pamsoro pedu(VaRoma 6:14)





Tichatonga muupenyu naJesu (VaRoma 5:17, 21)



“RUDO RWAMWARI” (1)

“Usingadi, haaziwi Mwari, nokuti Mwari rudo.”
(1 Johani 4:8)

Bhaibheri rinotaura zvakasimba kuti Mwari rudo (1 Johani 4:8). Akadururira rudo irworwo pazvinhu zvose zvaakasika. Tinogona kuzviona mumwoyo yedu; muhukama huri pakati pevabereki nevana; mumaruva akanaka; mushiri dzine nziyo dzinofadza nzeve; ...



Pauro akadzidzisa vaKorinte (uye isuwo) kuti rudo runovaka (1 VaKo.8:1); kuti hapana chinhu chine kukosha kana pasina rudo (1 VaKo.13:1-3); uye kuti zvinhu zvose zvinofanira kuitwa nerudo irworwo runobva kuna Mwari (1 VaKo.16:14).

Asi, pasina mubvunzo, humbowo hukuru hwerudo rwaMwari hunoonekwa mukupihwa kwaJesu sechibayiro chezvivi zvedu(Jn. 3:16).

Muenzaniso uyu unotiita kuti tibate vamwe nerudo rwakafanana nerwakaraidzwa naMwari kwatiri (1 Johani 3:16)

“RUDO RWAMWARI” (2)

“Pakupedzisira, hama dzangu, farai, mukwaniswe, munyaradzwe, ivai nomoyo mumje, garai norugare; Mhari worudo norugare ucava nemi.” (2 VaKorinte 13:11)

Paul presents God in a multifaceted way:



“Mhari wokutsungirira” (VaRoma 15:5)



“Mhari wetariro” (VaRoma 15:13)



“Mhari worugare” (VaRoma 15:33)



“Mhari[...] wengoni” (2 VaKo. 1:3a)



“Mhari wokunyaradza kwose” (2 VaKo. 1:3b)



“Mhari worudo” (2 VaKo. 13:11)



Mwari Baba
vanotipa rudo
rwavo(1 Johani 3:1)



Mwari Kristu
atizadze kuzara
kwose nerudo
rwake
(VaEfe. 3:19)



Mwari haangovi nehunhu uhwu hwose chete, asi ndiye kwazvinobva zvese zvichiuya kwatiri.

Sezvatakaona, Mwari rudo, asi iye zvakare ndiMwari werudo, kureva kuti:



Mwari Mweya Mutsvene anodururira
rudo rwake patiri(VaRoma 5:5)

“KUYANANA KWOMNJEYA MUTSENE”

“Nyasha dzaShe Jesu Kristu, norudo rwaMhari, nokuyanana kwoMneya Mutsene, ngazive nemi mose.” (2 VaKorinte 13:14)

Pauro anoshuvira kuti izvi zvive nesu: nyasha dzoMunhu (Ishe Jesu Kristu); rudo rwoMunhu (Mwari); uye kuyanana kwesimba kana kwoMunhu? (2 VaKo.13:14). Kuti pave nekufambirana kwemashoko, Pauro ari kutaura nezvoMunhu (Mweya Mutsvene), kwete nezvesimba.

Mumashoko ake anopfuura 40 anotaura nezvaMweya Mutsvene mumagwaro akanyorerwa vaKorinte, Pauro anomuratidza seane hunhu hweunhu, kwete sesimba rinongobva kuna Mwari:



Anogadzirira vanhu kuti vaite basa
(1 VaKo. 2:4)

Anoratidza kwatiri zvakadzika zvaMwari
(1 VaKo. 2:10)

Anotidzidzisa(1 VaKo. 2:13)

Anogara matiri(1 VaKo. 3:16)

Anoshanda pamwe chete naKristu kuti tiruramiswe
(1 VaKo. 6:11)

Anopa zvipo zvemweya (1 VaKo. 12:7-11)

Anoisa chisimbiso patiri kuti tiponeswe (2 VaKo. 1:22)

Anonyora mutemo mumoyo yedu (2 VaKo. 3:3)

Anotipa hupenyu hutsva muna Kristu
(2 VaKo. 3:6)


Anotipa rusununguko kubva muchivi
(2 VaKo. 3:17)

“NGAZIWE NEMI MOSE”

“vakasanangurwa nokuziva ziri mberi kwaMhari Baba, muvutsene bgoMweya, kuti vaterere, vasaswe neropa raJesu Kristu: Nyasha norugare ngaziwanzwe kwamuri.” (1 Petro 1:2)

Kunyangwe zvazvo takajaira kutaura nezveHutatu Hutsvene (vatatu vaMwari, Mwari mumwe chete) tichitevedzera hurongwa hwekuti “Baba, Mwanakomana, Mweya” (Mateo 28:19), Pauro anohuratidza se “Mwanakomana, Baba, Mweya” (2 VaKorinte 13:14), uye Petro achihuratidza se “Baba, Mweya, Mwanakomana” (1 Pet. 1:2).

Hapana kuva nepamusoro kana pasi pakati pavo; mumwe nemumwe anotora basa rakasiyana muzano reruponeso, asi vese vanogovana hunhu nezvinangwa zvakafanana.



Naizvozvo, Pauro anopedzisa tsamba yake achishuvira kuti nyasha, rudo, uye ushamwari hweHutatu Hwose hwaMwari huve nesu tese(2 VaKo . 13:14)

“Baba havagoni kutsanangurwa nezvinhu zvepanyika. Baba ndivo kuzara kwese kweHumwari mumuviri, uye havagone kuonekwa nemaziso evanhu vanofa.

Mwanakomana ndiko kuzara kwese kweHumwari kwakaratidzwa. [...] Mubatsiri uyo Kristu akavimbisa kutuma mushure mekukwira kwake kudenga, Mweya ane kuzara kwese kweHumwari, achiratidza simba renyasha dzaMwari kune vese vanogamuchira nekutenda muna Kristu saMuponesi wavo pachavo. Kune vatatu vapenyu vanoumba Hutatu hwekudenga; vari—Baba, Mwanakomana, naMweya Mutsvene—avo vanogamuchira Kristu nerutendo rwechokwadi vanobhabhatidzwa, uye masimba aya achashanda pamwe chete nevateveri vekudenga vanoteerera, mukuedza kwavo kurarama hupenyu hutsva muna Kristu.”
-Non-Official translation by Gift Mawoyo